

# COVID-19: Pwen Distribisyon (POD) Enfòmasyon Kle



## Kisa ki se yon POD?

Yon POD (Pwen Distribisyon) se yon sit ki la pou yon ti tan nan kominote a kote y ap bay anpil moun vaksen byen rapid. Yo pral mete sit POD nan chak konte New Jersey.



## Kiyès ki ka vin nan yon POD?

Infwa yo apwouve itilizasyon yon vaksen kont COVID-19, vaksen an ap disponib nan yon kantite ki limite. Se popilasyon ki plis nan nesesite yo y ap bay priyorite, jiskaske yo ka pwoduyi vaksen an an gran kantite. Pou plis enfòmasyon, ale nan "[Vaksen Kont COVID-19: Kiyès Ki Ap Kapab Resevwa Vaksen an?](#)".



## Kisa ki ap pase nan yon POD?

Pou vaksen kont COVID-19 la fè travay li a l ap mande pou moun nan resevwa de dòz, plizyè semèn apre. Apre w fin resevwa premye dòz la, yo ap ba w enstriksyon ki lè ak ki kote pou w tounen pou dezyèm dòz la.



## Ki kote mwen ka jwenn plis enfòmasyon?

- Vizite paj [Vaksinasyon kont COVID-19](#) Depatman Sante New Jersey a pou plis enfòmasyon sou vaksen an.